



Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York
Divizyon Jesyon Materyèl

2022

FÒM DEMANN DISPANS AKÒZ DIFIKILTE FINANSYE

Entèdiksyon resipyan ak anbalaj ki fèt ak Polistirèn yo

Founisè ak etablisman sèvis manje ki konsène epi ki elijib yo dwe itilize fòm sa a pou yo ka aplike pou yon dispans pou egzijans sou-divizyon 1 nan seksyon 27-3003 Lwa sou Konsèvasyon Anviwònman (ECL) an pou youn oswa plizyè resipyan sèvis manje jetab ke yo vann, ofri pou vann, oswa distribye nan Eta New York.

Anvan w ranpli fòm demann pou dispans konsènan pwoblèm pou resipyan ki fèt ak polistirèn etire sa a, tanpri jete yon ti kout je sou lwa konsènan kondisyon ak kalifikasyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa, règleman, dispans akòz difikilte ak egzansyon yo, tanpri vizite <https://on.ny.gov/FoamFreeNY>.

Ou gen kesyon? Imèl: foamban@dec.ny.gov

I. Enfòmasyon Jeneral yo

Daprè [Entèdiksyon resipyan ki fèt ak Polistirèn ak anbalaj polisitirèn yo](#), **ki ap antre an aplikasyon apati 1ye janvye 2022**, founisè sèvis manje oswa magazen ki konsène yo p ap gen pèmisyon pou yo vann, ofri pou vann, oswa distribye resipyan sèvis manje jetab ki genyen polistirèn etire (EPS). f nan Eta New York S Sepandan, founisè sèvis manje ak enstalasyon ki elijib yo ka aplike pou yon dispans akòz yo gen difikilte finansye pou yon peryòd 12 mwa anba sèten kondisyon.

Founisè sèvis manje ki konsène ak etablisman ki vann oswa distribye manje ak bwason ki tou pare epi ki satisfè kritè elijiblite yo ka mande yon dispans pou resipyan ki sèvi ak yon sèl fwa epi ki jetab akòz difikilte finansyè nan fòm sa a. Dispans yo akòde yo ap valab pou yon ane. Se pa paske ou soumèt fòm demann dispans sa a kifè li garanti yo pral apwouve yon dispans.

II. Kritè Elijiblite

Yon founisè sèvis manje defini kòm nenpòt moun ki angaje nan biznis vann oswa distribye manje ak bwason ki prepare pou konsomasyon nan lokal yo oswa andeyò lokal yo.

Èske mwen se yon founisè sèvis manje ki konsène? Vizite: <https://on.ny.gov/FoamFreeNY>

Pou ou ka elijib pou itilize fòm sa a, yon founisè sèvis manje oswa yon etablisman ki konsène dwe sitiye oswa dwe ap travay nan Eta New York epi yo dwe sitiye andeyò Vil New York. Pou plis enfòmasyon ak aplikasyon pou dispans konsènan entèdiksyon polistirèn nan Vil Nouyòk la, tanpri vizite: nyc.gov/foamban

Anplis desa, yon founisè sèvis manje oswa yon etablisman ki konsène dwe sitye nan yon Konte ki pa aplike yon lwa lokal pou konte aki entèdi vann oswa distribisye resipyan oswa anbalaj polistirèn EPS yo apre 1ye janvye 2022. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Konte w la. **Moun, biznis ak òganizasyon ki pa satisfè kritè ki endike nan seksyon sa a pa kalifye pou aplike pou yon dispans akòz difikilte finansye.**

1. Etablisman ki bay manje pou moun ki nan ensekirite alimantè

Nenpòt etablisman, kèlkeswa revni li, ki dirije pa yon sosyete ki pa la pou fè pwofi, yon ajans leta federal, Eta a oswa lokal ki bay moun ki nan ensekirite alimantè manje/repa ka aplike pou yon dispans pou difikilte finansye pou yon peryòd 12 mwa ki renouvlab.

2. Founisè sèvis manje ki konsène epi ki pa bay moun ki nan ensekirite alimantè manje

Founisè sèvis manje ki konsène yo epi ki gen yon revni anyèl brit ki mwens pase \$500,000 pou chak lokal, ki pa travay nan 10 lokal oswa plis nan New York, epi ki pa franchiz yo ka aplike pou yon dispans akòz difikilte finansye pou yon peryòd 12 mwa ki renouvlab.

III. Enstriksyon yo

Tout founisè sèvis manje ak etablisman ki elijib yo dwe ranpli Pati A ki nan fòm demann dispans ak Sètifikasyon ki nan Pati C a. Founisè sèvis manje ki konsène yo ki pa bay moun ki nan sekirite alimantè manje/repa men ki satisfè lòt kritè kalifikasyon yo dwe ranpli Pati B ki nan fòm an tou.

Tout enfòmasyon ak dokiman pou founisè sèvis manje ki konsène ak enstalasyon ki nesèsè pou Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York (Depatman) pou yo ka pran yon desizyon dwe enkli ladan l. Depatman an rezève l dwa pou mande lòt dokiman sipò pou l ka pran yon desizyon. Tanpri reponn chak kesyon ki nan fòm demann lan. Si yon antite biznis (tankou yon sosyete, yon patenarya limite, yon konpayi ki gen responsabilite limite, yon patenarya ki gen responsabilite limite, yon patenarya jeneral, oswa yon sosyete inipèsònèl) posede etablisman an oswa yon founisè sèvis manje ki konsène, tanpri endike non an egzakteman jan li parèt sou nenpòt sètifika ki depoze nan Depatman Deta Eta New York ak/oswa bay grefye Konte a nan chak Konte kote antite a ap fonksyone oswa fè tranzaksyon biznis.

Kenbe yon kopi imèl konfimasyon ou resevwa a apre w fin soumèt fòm demann lan pou asire ou ke demann ou an ap tann evalyasyon. Depatman an ap gen pou li bay yon apwobasyon oswa refi dispans lan alekri nan adrès imel ki endike nan Pati A fòm an.

Daprè Lwa sou Libète Enfòmasyon an (FOIL), Depatman an ka pataje piblikman enfòmasyon yo soumèt pou demann dispans yo . *Pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Lwa sou Libète Enfòmasyon an, tanpri vizite: <https://www.dec.ny.gov/public/373.html>.* Depatman an ka pataje enfòmasyon ki nan demann dispans lan an ak Depatman Taks ak Finans Eta New York la oswa lòt ajans ki konsène yo pou yo verifye enfòmasyon ke yo soumèt sou fòm lan.

2022
FÒM DEMANN DISPANS AKÒZ DIFIKILTE FINANSYE
Entèdiksyon resipyan ak anbalaj ki fèt ak Polistirèn yo

Pati A

Tout founisè sèvis manje ak etablisman ki elijib yo dwe ranpli li.

I. Enfòmasyon sou Etablisman oswa Founisè Sèvis Manje ki konsène an

1. Enfòmasyon Jeneral

Non Pwopriyetè a (Non konplè, si se yon moun) _____

Non Biznis la oswa Òganizasyon an: _____

Prensipal Kontak Biznis la ak Tit li: _____

Imèl: _____ Nimewo Telefòn: _____

Adrès Biznis/Òganizasyon an: _____

Vil/vil _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Konte: _____

Èske biznis/òganizasyon an fè biznis sou nenpòt lòt non? Wi Non

Si Wi, tanpri liste non yo: _____

2. Ki Tip Founisè Sèvis Manje oswa Etablisman ki Konsène li ye

Tanpri chwazi ki tip etablisman oswa founisè sèvis manje ki konsène k ap aplike pou dispans sa a.

- | | | |
|---|---|---|
| <input type="checkbox"/> Restoran | <input type="checkbox"/> Deli | <input type="checkbox"/> Kafe |
| <input type="checkbox"/> Makèt | <input type="checkbox"/> Lòt etablisman mobil | |
| <input type="checkbox"/> Sèvis Tretè | <input type="checkbox"/> Etablisman swen pou granmoun | <input type="checkbox"/> Mézon retrèt |
| <input type="checkbox"/> Kamyon manje | <input type="checkbox"/> Lekòl segondè | <input type="checkbox"/> Kolèj oswa inivèsite |
| <input type="checkbox"/> Lopital | <input type="checkbox"/> gadmanje | |
| <input type="checkbox"/> Lekòl primè | | |
| <input type="checkbox"/> Pwogram manje kominotè | | |
| <input type="checkbox"/> Lòt (tanpri presize anba a): | | |

II. Elijiblite

1. Tanpri endike pou ki kritè kalifikasyon etablisman/founisè sèvis manje ki konsène a ap aplike:

Gwoup 1: Etablisman ki bay moun ki nan ensekirite alimantè manje

Etablisman an elijib pou yon dispans akòz difikilte finansye paske li satisfè kondisyon sa yo (tcheke tout sa ki aplikab yo):

- Etablisman an bay moun ki nan ensekirite alimantè manje gratis oswa a ba pri
- Kiyès nan sa yo ki jere etablisman an:
 - yon ajans gouvènman federal
 - ajans piblik Eta a
 - ajans gouvènman lokal la
 - yon sosyete ki pa la pou fè pwofi ki otorize pou fè aktivite nan Eta New York

Gwoup 2: Founisè sèvis manje ki konsène a se yon ti biznis ki pa yon franchiz

Founisè sèvis manje ki konsène a elijib pou yon dispans akòz difikilte finansye paske li satisfè tout kritè sa yo (tcheke tout sa ki aplikab yo):

- Founisè sèvis manje ki konsène a gen yon revni anyèl ki pi ba pase \$500,000 pou chak lokal jan sa endike nan deklarasyon enpo sou revni pou dènye ane fiskal la.
- Founisè sèvis manje ki konsène a pa travay nan 10 lokal oswa plis lokal nan Eta New York.
- Founisè sèvis manje ki konsène a p ap fonksyone dapre yon akò franchiz.

2. Èske founisè sèvis manje oswa etablisman ki konsène a sitiye oswa ap travay nan Eta New York?

- Wi No

3 a. Èske founisè sèvis manje oswa etablisman ki konsène a sitiye andeyò Vil New York?

- Wi No

b. Si repons kesyon 3.a. ki pi wo a se "wi" tanpri tcheke ak Konte w la pou ou asire w ke yo pa pral aplike yon lwa lokal ki entèdi vann oswa distribye resipyan polistirèn EPS apre 1ye janvyè 2022. Si Konte ou a pral aplike yon lwa lokal apre dat sa a, ou pap kapab aplike pou dispans sa a epi ou ta dwe konsilte Konte a konsènan lwa lokal yo.

III. Konsènan resipyan jetab polistirèn EPS pou sèvis manje ke yo ap mande von dispans lan

1. Tanpri bay yon lis ak deskripsyon tout resipyan sèvis manje jetab ki genyen polistirèn EPS ke etablisman an oswa founisè sèvis manje ki konsène a vle kontinye distribye nan Eta New York, ki gen ladan enfòmasyon sou kalite an, gwosè li, pri pou chak inite, ak kantite yo achte pa ane. Si w bezwen plis espas pou w fè lis tout ou bezwen yon dispans pou yo, tanpri voye paj adisyonèl. Tanpri swiv egzanp ki bay anba a.

Tcheke isit la si ou ap soumèt lòt dokiman sipò (*Si ou vle*)

**Tache dokiman sipò yo ak aplikasyon sa a lè w ap soumèt li elektwonikman*

Kalite an¹	Gwosè Resipyan	Pri/Inite²	Kantite ke ou achte chak ane (inite)	Depans pa ane
<i>egzanp Tas an polistirèn</i>	<i>8 ons</i>	<i>\$0.04 / inite</i>	<i>50,000</i>	<i>\$2000,00</i>
1.				
2.				
3.				
4.				
5.				

1. Egzanp pou kalite resipyan yo: tas, plak, plato, bòl, elatriye.

2. Yon inite egal a yon sèl atik. Si ou ta renmen bay yon lis pri/ka, ou ka liste pri ka a nan kare Nòt adisyonèl la epi kalkile pri pou chak inite yo nan tablo a.

Nòt adisyonèl:

2 a. Èske founisè sèvis manje oswa etablisman ki konsène a ap chèche yon dispans sèlman paske yo vle itilize rezèv aktyèl resipyan polistirèn EPS yo olye pou yo achte nouvo resipyan altènatif?

Wi No

b. Si wi, founisè sèvis manje ki konsène a oswa etablisman an prevwa itilize rezèv aktyèl yo jiska: (Dat) _____

IV. Analiz pwodwi altènatif

1. Tanpri bay lis pwodwi altènatif ki konparab pou chak resipyan yo ak enfòmasyon konsènan kalite resipyan an, materyèl, gwosè, pri pou chak inite, kantite ak pri anyèl pou achte resipyan altènatif. Ou ka tache paj anplis, si sa nesèsè. Tanpri swiv egzanp ki anba a.

Tcheke isit la si w ap soumèt lòt dokiman sipò. (sa pa obligatwa)

**Tache dokiman sipò yo ak aplikasyon sa a lè w ap soumèt li elektwonikman*

Kalite resipyan an¹	Kalite materyèl la²	Gwosè resipyan an	Pri/Inite³	Kantite ou ap achte pa ane (inite)	Depans pa ane
<i>eg gode cho ki izole</i>	<i>Papye/ PLA</i>	<i>8 ons</i>	<i>\$0.12/ inite</i>	<i>50,000</i>	<i>\$6,000</i>
1.					
2.					
3.					
4.					

1. Egzanp pou kalite resipyan yo: tas, plak, plato, bòl, elatriye.

2. Egzanp kalite materyèl: #1 plastik PET klè, katon, fib moule, aliminyòm, elatriye.

3. Yon inite egal a yon sèl atik. Si ou ta renmen bay yon lis pri/ka, ou ka liste pri ka a nan kare Nòt adisyonèl la epi kalkile pri pou chak inite yo nan tablo a.

Nòt adisyonèl:

2. Tcheke la a si ou te fè tout efò pou jwenn altènatif ki koute pi ba pri sou mache an.

3. Tanpri eksplike kijan acha oswa itilizasyon pwodwi altènatif ki pa fèt ak polistirèn EPS yo ta ka kreye yon gwo difikilte finansye pou etablisman an oswa founisè sèvis manje ki konsène a. Ou ka tache paj anplis, si sa nesèsè.

Tcheke isit la si w ap soumèt lòt dokiman sipò. (sa pa obligatwa)

**Tache dokiman sipò ak aplikasyon sa a lè w ap soumèt li elektwonikman*

2022

FÒM DEMANN DISPANS AKÒZ DIFIKILTE FINANSYE
Entèdiksyon resipyan ak anbalaj ki fèt ak Polistirèn yo

Pati B

Ranpli Pati B a SÈLMAN si ou te tcheke "Gwoup 2 - Founisè sèvis manje ki konsène ki se yon ti biznis e ki pa yon franchiz" nan seksyon Eljibilibite ki nan Pati A a.

I. Pri konparatif pou resipyan altènatif yo

Anplisde kondisyon ki nan Pati A yo, yon founisè sèvis manje ki konsène k ap chèche yon dispans anba "Gwoup 2 a: Founisè sèvis manje ki konsène ki se yon ti biznis e ki pa yon franchiz" lan dwe demontre ke pa gen **okenn pwodwi ki genyen yon pri** ki konparab ak resipyan ki fèt ak EPS yo.

Pri ki konparab vle di nenpòt nan bagay sa yo:

- Pri acha pwodwi altènatif la se menm ak pri acha yon pwodwi konparab ki fèt ak polistirèn etire.
 - Pri acha altènatif la mwens pase pri acha yon pwodwi konparab ki gen polistirèn ladan l.
 - Pri acha altènatif la pa pi wo pase 10% pri acha yon pwodwi konparab ki gen polistirèn ladan l.
1. Tanpri eksplike epi, si sa nesesè, mete dokiman ki montre ke pa gen okenn pwodwi altènatif ki pa fèt ak polistirèn ki nan yon pri ki konparab, epi kote pri acha yon altènatif plis pase 10% pri acha yon pwodwi ki gen polistirèn ki konparab.

Tcheke isit la si w ap soumèt lòt dokiman sipò. (sa pa obligatwa)

**Tache dokiman sipò ak aplikasyon sa a lè w ap soumèt li elektwonikman*

II. Difikilte Finansye Eksesif

Anplisde kondisyon ki nan Pati A yo, yon founisè sèvis manje ki konsène k ap chèche yon dispans anba "Gwoup 2 a: *Founisè sèvis manje ki konsène ki se yon ti biznis e ki pa yon franchiz*" la dwe demontre plis espesifikman kijan acha, distribisyon, oswa itilizasyon yon pwodwi altènatif ta ka kreye yon gwo difikilte finansye.

1. Yo ka demontre yon gwo difikilte finansye lè yo montre **youn oswa plizyè** nan sa ki annapre yo. Tanpri endike ki opsyon ki aplike nan ka ou an.

- a. Ogmantasyon depans yo dwe lakòz omwen senk pousan (5%) ogmantasyon nan depans fonksyònman biznis yo
- Fòmil pou ou itilize an (Depans lè ou sèvi avèk yon altènatif - Depans lè ou sèvi avèk polistirèn) ÷ pa Depans lè ou sèvi avèk polistirèn x 100 = chanjman an an pousantaj
Mwens depans fonksyònman biznis ou a lè ou itilize resipyan ki gen polistirèn nan ak depans fonksyònman biznis ou lè ou ap gen pou sèvi avèk resipyan altènatif la; divize kantite lajan sa a pa depans fonksyònman biznis ou a lè ou sèvi avèk resipyan polistirèn nan; epi apres a multipliyè nimewo sa a pa 100.
 - Si nimewo a egal a oswa pi gran pase 5, biznis ou an ka demontre yon ogmantasyon ki egal oswa plis pase 5% nan depans fonksyònman biznis yo.
- b. Ogmantasyon depans yo ka lakòz rediksyon nan omwen senk pousan (5%) nan pwofi fonksyònman yo
- Fòmil pou ou itilize an (Pwofi lè ou sèvi avèk yon altènatif - Pwofi lè ou sèvi avèk polistirèn) ÷ pa pwofi lè ou sèvi avèk polistirèn x 100 = chanjman an an pousantaj
Mwens pwofi biznis ou a lè ou itilize resipyan ki gen polistirèn nan ak pwofi biznis ou an lè ou ap gen pou sèvi avèk resipyan altènatif la; divize kantite lajan sa a pa depans fonksyònman biznis ou a lè ou sèvi avèk resipyan polistirèn nan; epi apres a multipliyè nimewo sa a pa 100.
 - Si nimewo a se 5 oswa plis, biznis ou a ka demontre yon rediksyon ki egal oswa plis pase 5% nan pwofi operasyon yo
- c. Founisè sèvis manje ki konsène yo ka demontre sikonstans inik ki an patikilye kreye yon gwo difikilte finansye

2. Tanpri bay yon eksplikasyon sou baz chwa ke ou te fè pi wo a, ki gen ladan nenpòt kalkil.

Tcheke isit la si w ap soumèt lòt dokiman sipò. (sa pa obligatwa)

**Tache dokiman sipò yo ak aplikasyon sa a lè w ap soumèt li elektwonikman*

2022

FÒM DEMANN DISPANS AKÒZ DIFIKILTE FINANSYE
Entèdiksyon resipyan ak anbalaj ki fèt ak Polistirèn yo

PATI C: SÈTIFIKASYON

*** TOUT founisè sèvis manje ak etablisman ki elijib yo dwe ranpli li**

Yon demann dispans ki konplè dwe genyen yon fòm Sètifikasyon ki siyen pa yon ofisyèl responsab. Yon ofisyèl responsab se yon prezidan, vis-prezidan, sekretè, trezorye, patnè jeneral, pwopriyetè, ofisye egzekitif prensipal, oswa nenpòt lòt moun ki regile oswa pran desizyon pou biznis la epi ki gen otorizasyon legal pou angaje etablisman an oswa founisè sèvis manje ki konsène ki ap mande yon dispans akòz difikilte finansye. Y ap bay yon demann dispans refi si Sètifikasyon sa a pa ranpli. Y ap refize oswa anile yon demann dispans si etablisman an oswa founisè sèvis manje ki konsène a bay deklarasyon materyèl ki fo, ki ka twonpe oswa ki pa kòrèk nan fòm lan oswa nan papye sipò yo.

Sètifikasyon

Mwen sètifye, sou pèn sanksyon lalwa yo, ke enfòmasyon ke mwen bay nan fòm sa a ak nan tout dokiman dokiman ke mwen te prepare poukont mwen oswa anba direksyon oswa sipèvizyon mwen yo se verite, egzak, epi konplè dapre sa mwen konnen ak kwayans mwen. Mwen konprann ke enfòmasyon materyèl ki fo, ki ka twonpe, oswa ki pa kòrèk ki nan fòm sa a oswa nan dokiman sa yo ap lakòz yo refize demann dispans sa a oswa anile yon dispans. Mwen konnen ke gen gwo sanksyon nan ka kote mwen ta soumèt fo enfòmasyon, ki gen ladan posiblite pou peye amann ak prizon poutèt vyolasyon, epi ke nenpòt fo deklarasyon ki fèt nan dokiman sa yo ka lakòz yon pinisyon ki se yon deli (tizak) Klas A dapre Seksyon 210.45 lwa Penal la.

Siyati: _____

Non (an lèt detache): _____

Tit: _____

Dat la: _____

Tanpri asire w ke demann dispans ou an konplè epi soumèt fòm demann sa a ak nenpòt materyèl sipò bay foamban@dec.ny.gov.